



# ACCÉSSS

Alliance des Communautés Culturelles pour  
l'Égalité dans la Santé et les Services Sociaux

## Viris respiratwa sentisyal (VRS) – kisa mwen dwe konnen?

Viris respiratwa sentisyal (VRS) se yon virus komen ki lakoz enfeksyon respiratwa, espesyalman lakay tibebe, timoun piti, ak granmoun aje. VRS la pwopaje prensipalman nan gout respiratwa lè yon moun ki enfekte ap tous e oswa etènye. Li kapab tou siviv sou sifas ki kontamine epi transmèt nan kontak dirèk.

Sentòm VRS yo ka varye soti nan lejè rive nan grav e yo ka gen ladan nen bouche, tous, souf anlè, lafyèv, ak difikilte pou respire. Lakay tibebe ak timoun piti, sentòm yo ka pi grav, e yo ka mennen nan bwonkyolit oswa nemoni. VRS pi komen pandan mwa otòn, sezón fredi, ak prentan nan zòn tanpere. Epidemi yo ka varye nan entansite chak ane.

Tibebe ki fèt twò bonè, tibebe ki poko gen sis mwa, timoun ki gen maladi kè oswa maladi poumon kwonik, ansanm ak granmoun aje oswa moun ki gen sistèm iminitè fèb, yo gen yon gwo risk pou konplikasyon grav akòz VRS, kidonk li enpòtan pou konsilte yon doktè si ou wè sentòm yo epi konsidere vaksen kont virus sa a si ou fè pati gwoup ki gen risk. Vaksen yo disponib pou pwoteje granmoun aje, ak pou vaksinen fanm ansent pou pwoteje tibebe yo.

Li enpòtan pou konsilte yon doktè si ou sisplèk yon enfeksyon ak VRS, espesyalman lakay tibebe ak timoun piti, pou jwenn konsèy sou kijan pou jere sentòm yo epi evite konplikasyon.